

KONEKSYON


YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- Jounen Lanmou ak Jantiyès
- Plan Kolèj Peye Alavans nan Florid
- Yon Gid pou Paran sou 'Novel Coronavirus'

Fevriye 2020

Biltèn 12 | NIMEWO 60 |



Plis pase 25,000 patisipan te rasanble nan Ekspozisyon STEAM pou mezire ladrès yo nan kreyativite, imajinasyon ak rezolisyon pwoblèm.

YO NOMMEN VANESSA M. VALLE MEYÈ PWOSESÈ M-DCPS POU ANE A, KALYN LEE MEYÈ PWOSESÈ DEBITAN



Yo nonmen Vanessa M. Valle, yon pwofesè Lekti/Redaksyon nan Lekòl Segondè Hialeah Gardens, Meyè Pwofesè Francisco R. Walker 2021 Lekòl Leta Miami-Dade County pou Ane a. Valle ap anseye nan Lekòl Leta Miami-Dade County depi 15 ane, e tou kòm maskòt lekòl li a, li konsidere tèt li yon militan ki vle goumen pou l fè rèv elèv tounen yon realite. Li di

75 pousan travay li kòm yon pwofesè se estimile elèv yo pou kwè nan tèt yo; lòt 25 pousan an se mete sou pye pratik aprantisaj aktif pou yo asimile kontni kou a. Filozofi sa a, ansanm avèk lanmou li gen pou travay li, pèsèverans ak devouman pèmèt li kreye yon atmosfè enteresan e angajan ki transfòme elèv yo. Valle, yon pwofesè ki trè angaje pou jèn,

se yon konpayon ak kòmanditè pwogram 'Take Stock in Children' ak gwoup sipò sante mantal "Real Talk" (bonjan konvèsasyon) nan lekòl li a. Li te antèt kreyasyon premye Fondasyon Akademi Nasyonal Dwa nan peyi a e li te travay san fatig pou mete yon tribinal sou kanpous lekòl li a.

An dezyèm plas se Stephen M. Pereira Jr. nan Lekòl pou Etid Avanse – Wolfson Campus.

Kalyn Lee, yon pwofesè nan Lekòl Segondè Miami Carol City, se Meyè Pwofesè Debitan pou Ane 2020 an e Alexander Chumbley nan MAST @ Homestead pran dezyèm plas la.

M-DCPS ONORE VIKTIM MARJORY STONEMAN DOUGLAS YO AVÈK YON JOUNEN LANMOU AK JANTIYÈS



Pou komemore dezyèm anivèsè trajedi Lekòl Segondè Marjory Stoneman Douglas la, “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) rankontre ak vwazen li yo nan Broward, ansanm ak distri lekòl atravè peyi a, pou onore lavi viktim sa yo ki te pèdi. Tout distri a te obsève yon moman silans a 10:17 dimaten, Vandredi 14 fevriye.

Inisyativ M-DCPS ‘Valè Enpòtan nan Miami’ pral konsantre sou

jantiyès pandan mwa sa a e nou mande tout lekòl yo pou pwomote “Love and Kindness Day” (Jounen Lanmou ak Jantiyès) nan jou fèt Sen Valanten an. Pami aktivite yo te genyen yon Espas Jantiyès, Fè Lachas Trezò Jantiyès, yon Chèn Jantiyès, ak yon Pyebwa Jantiyès.

Anplis, Depatman Sante Mantal Distri a bay chak lekòl resous ak sèvis ki sipòte efò sante mantal elèv yo.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Primè:

Fè Lakti Tounen yon

Aktivite Sosyal

<http://bit.ly/39cBN1u>

Segondè:

Aprantisaj Plis Pase Nòt

<http://bit.ly/2SrXrYC>

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

23-27 mas

Vakans Prentan

PLAN PEYE DAVANS POU KOLÈJ NAN FLORID



Li pa janm twò bonè pou ekonomize pou kolèj. Anfèt, pi bonè yon fanmi kòmanse ekonomize, se mwens l ap peye pa mwa. Nou vle asire n ou gen enfòmasyon sou yon opsyon ki abòdab, fleksib pou ekonomize pou kolèj ki gen garanti Eta Florid, e ki

deja ede plis pase 500,000 elèv ale nan kolèj. “Florida Prepaid College Plans” (Plan Peyè Davans pou Kolèj nan Florid) ofri plan peman davans pou yon varyete bidjè pandan peryòd Enskripsyon an ki ouvè kounye a pou jis 30 avril 2020. Enskri jodi a. Ou ka

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

11 mas

10:00 dimaten

Odyans Piblik sou


Materyèl Enstriksyonèl

18 mas

11:00 dimaten

Reyinyon Regilye

bloke frè ekolaj la avèk plan garanti ki kòmanse a \$44 pa mwa, pri ki pi ba depi senk an. Enskri jodi a nan myfloridaprepaid.com!



Akoz enkyetid ki ap ogmante nan kominote a sou epidemi '2019 Novel Coronavirus (2019-nCoV)', Lekòl Leta Miami-Dade County devlope gid sa a pou paran/gadyen gen enfòmasyon kòrèk konsènan sa viris la ye, kòman pou pwoteje tèt ou ak pitit ou, e kisa pou fè si w sispèk ta gen yon ka. '2019-nCoV' se yon nouvo viris respiratwa ki soti nan Wuhan, Provans Hubel nan peyi Lachin. "Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) ap suiv li deprè. Ka maladi '2019-nCoV' yo rapòte yo soti nan moun ki enfekte avèk kèk sentòm oubyen ki pa gen okenn sentòm rive nan moun ki malad grav e ki ap mouri. Ofisyèl sante piblik yo pa klè sou kòman '2019-nCoV' a pwopaje de yon moun a yon lòt.

Sentòm sa yo gen ladan yo maladi respiratwa ki mwen grav rive nan

maladi respiratwa ki trè grav avèk fyèv, tous, ak difikilte pou respire.

Genyen sentòm sa yo sèlman pa vle di yon moun genyen viris la. Sentòm yo ka parèt nan sèlman de (2) jou rive sou 14 jou aprè yon moun fin ekspozé a maladi a. Dapre CDC, pi gwo risk enfeksyon an se pou moun ki te vwayaje ale Wuhan an Chin. Sentòm sa yo sanble ak sentòm "flu" (gwo grip) e kounye a pa genyen tretman espesifik pou '2019-nCoV'. Sepandan, mezi prevantif pou '2019-nCoV' yo menm jan ak lòt mezi moun pran pou viris respiratwa tankou flu a. Sentòm flu yo ka gen ladan tous, gòj fè mal, fyèv, nen koule oubyen bouche, kò fè mal, tèt fè mal, frison, fatig e ka gen ladan yo tou vomisman ak dyare. Li posib pou kèk moun ki gen flu a pa gen tout sentòm sa yo. Si pitit ou gen sentòm sa yo, kontakte doktè w imedyatman. Pa rete tann

pou sentòm yo vin pi grav!. Nou ankouraje paran/gadyen pou yo kenbe pitit yo lakay lè yo malad.

Dapre CDC, lave men byen avèk savon e dlo se youn nan pi bon fason pou fè prevansyon kont maladi. Demontre fason ki kòrèk pou lave men nan 20 segonn. Fè pitit ou vizite <https://www.cdc.gov/handwashing/index.html> pou gade yon videyo sou fason ki kòrèk pou lave men byen. Demontre pou pitit ou kòman pou yo kouvri nen ak bouch yo avèk yon sèvyèt papye lè yo ap touse oubyen ekstènne. Yo ta dwe jete sèvyèt papye a aprè yo fin sèvi ak li e lave men yo. Si pa gen sèvyèt papye, YO PA TA DWE UTILIZE MEN YO. Yo ta dwe kouvri bouch ak nen yo avèk manch rad yo. Timoun ta dwe evite manyen zye yo, nen yo, oubyen bouch yo. Mikwòb ka gaye nan fason sa a. Si posib, evite rete kote moun ki malad e netwaye ak dezenfekte sifas oubyen objè moun manyen souvan.

Pou plis kesyon oubyen enkyetid konsènan '2019-nCoV', paran/gadyen ka rele 311.

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Martin Karp
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo
Christopher Badillo
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon
Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon